Machaswiv pou Chofè k ap Patisipe nan Operasyon Livrezon Manje NYC (NYC Get Food)

Mèsi dèske ou enskri pou livre manje bay Nouyòkè yo. Patisipasyon ou nan pwogram sa a fè vil nou an gen plis sekirite ak pi rezistan pandan peryòd difisil sa a.

Esplikasyon annapre la yo ap ede ou akonpli devwa ou epi resevwa peman ou nan bon moman.

Kijan pou Kòmanse Jounen Ou pou Pwogram Livrezon NYC Get Food lan

Y ap afekte pou ou yon ranmasaj nan yon Sit Distribisyon Manje NYC. Kondi veyikil ou nan sit la nan lè anrejistreman ki afekte pou ou an. Lè ou rive devan nan liy lan.

1) Pa soti nan machin lan sòf si anplwaye nan sit la endike pou ou fè sa. Y ap distribye mask, gan ak dezenfektan pou men pou chofè ki bezwen atik sa yo. Tanpri mete mask yo bay la oswa itilize yon lòt pwoteksyon sou figi ou pou konfòme ou avèk dekrè egzekitif Gouvènè Cuomo an.
2) Prepare ou pou montre Lisans Chofè TLC ou.
3) Travayè nan sit la ap ba ou yon "Fich Livrezon" (Run Sheet) ki gen livrezon ou dwe fè pou jounen an ak kantite repa ou dwe livre nan chak adrès. Pa pèdi fich sa a – ou pral gen pou retounen li nan fen jounen an.
4) Louvri kòf la dekwa pou anplwaye yo ka chaje manje yo.
5) Lè anplwaye nan sit ba ou siyal pou pati, ale nan adrès ou gen pou fè livrezon yo.

Kijan pou Fè Livrezon Ou yo

1) Verifye tout adrès livrezon ou yo epi planifye wout ou. Kondi avèk pridans pou ale nan chak adrès.
2) Lè ou rive nan yon adrès livrezon, pake machin ou.
3) Lè w ap livre repa yo nan yon adrès, ou kapab pake veyikil ou <u>pandan jiska 10 minit</u> nan anplasman sa yo:
   - Zòn Estasyònman Entèdi
   - Zòn Pakin ki gen Kontè (ou pa bezwen achte tan nan kontè a)
   - Zòn Chajman Kamyon
4) Apre ou fin pake, tcheke fich livrezon (run sheet) ou pou konfime sa ki annapre la yo:
   - Kantite repa ou dwe livre nan adrès la (Sa pral varye)
   - Èske kliyan an kapab oswa pa kapab rankontre ak ou bò twotwa a
   - Note nenpòt machaswiv pou livrezon (sonnèt an pàn, pòtay fèmen, elatriye)
5) Rele kliyan an pou fè li konnen livrezon li rive. Li ka ba ou machaswiv anplis sou fason pou antre nan bilding lan ak pou jwenn apatman li. Li ka petèt gen pou peze yon sonnèt pou pèmèt ou antre nan bilding lan. Si li gen pou fè sa:

- Mete yon mask ak gan lè w ap antre nan bilding lan
- Kenbe yon bon distans sosyal – kenbe yon distans sis pye omwen
- Lè ou rive nan pòt kliyan an, sonnen sonnèt la oswa frape, epi anonse "NYC Get Food Delivery" (Livrezon Manje NYC)
- Kite manje a nan pòt la epi fè bak sis pye omwen anvan kliyan yo reponn pòt la
- Lè kliyan an reponn pòt la, voye men bay kliyan an epi kontinye ak pwochen livrezon ou

6) Make livrezon ou an fèt.

Kisa Pou Ou Fè Si Ou Pa Ka Rive Jwenn Kliyan An

1) Eseye rele telefòn kliyan an omwen de fwa.
2) Si ou ka rive jwenn pòt apatman (inite) kliyan an, ou dwe peze sonnèt la. Si kliyan an pa reponn pòt la, lè sa ou ka kite manje a nan pòt la. Nan ka sa, make yon nòt sou Fich Livrezon (Run Sheet) ou ki endike ou te rele, kliyan an pa te reponn telefòn lan oswa sonnèt la, men ou kite manje a pou li kanmenm.
3) Si ou pa ka rive jwenn kliyan an nan telefòn epi ou pa ka antre nan bilding lan, ou ka make livrezon an "not complete" (pa fèt) sou fich livrezon (run sheet) ou ak rezon an, epi retounen manje anplis la nan fen peryòd travay ou.

Kisa Pou Ou Fè Nan Fen Peryòd Travat Ou

1) On fwa ou fini peryòd travay ou, ou dwe kondi pou ou tounen nan Sit Distribisyon Manje a (menm sit kote ou te kòmanse peryòd travay ou an).
2) Ou dwe retounen fich livrezon (run sheet) ou bay anplwaye nan sit la pou yo ka make ou fini jounen ou epi pou yo kapab peye ou.
3) Anplwaye nan sit la ap siyen yon pòsyon nan fich livrezon (run sheet) ou yo epi l ap ba ou yo pou achiv ou. Konsève resi sa a.

Kijan Yo Pral Peye Ou

Apati dimanch 26 avril, y ap peye tout chofè ki livre manje pou NYC Get Food $53 pou chak fèy wout yo afekte pou yo. Chak fèy wout p ap gen ladan plis pase sis adrès. Chofè yo gen chwa pou yo pran plizyè fèy wout pa vwayaj oswa chwa pou yo pran plizyè vwayaj nan yon jounen si gen wout disponib. Pifò wout yo ap nan menm bowo kote chofè yo afekte a, men y ap ranbouse tòl pou Triboro Bridge pou nenpòt wout ki travèse sot nan Brooklyn oswa Queens pou ale nan Bronx, epi y ap konpanse tòl tou pou wout ki travèse Verrazzano Bridge.

Y ap travay sou peman yo baze sou yon semèn travay ki dewoule soti dimanch pou rive samdi, epi chèk yo ap vini pa lapòs nan samdi ki annapre a. Si ou fin fè wout yo, chèche yon anvlòp nan kourye lapòs ki soti nan Vil New York, anvlòp sa a ap gen chèk ou an ladann. Yo te poste nan dat 10 avril peman pou wout ki te fèt pandan premye semèn pwogram lan. Yo te poste nan dat 20 avril peman pou dezyèm semèn pwogram lan. Vil la mete anplas yon solisyon peman elektwonik ki pral pèmèt chofè yo gen aksè nan lajan yo chak semèn.

Kisa Pou M Fè Si Gen Yon Erè Nan Chèk Peman Mwen?

Vil New York pran angajman pou peye chofè yo yon fason jis pou travay yo. Si ou panse gen yon erè ki te fèt nan peman ou, n ap analize reklamasyon ou an ak anpil atansyon epi fè nenpòt koreksyon ki ta ka nesesè.

Pou depoze yon plent pou peman tanpri itilize fòm sa a:
https://www1.nyc.gov/site/em/resources/contact-getfoodnyc-program.page

- Ranpli tout espas obligatwa yo epi chwazi "I am a TLC driver with a question" (mwen se yon chofè TLC ki gen yon kesyon)
- Nan zòn pou kòmantè yo, asire ou mete enfòmasyon annapre la yo lè w ap depoze yon reklamasyon
  - Nimewo TLC Ou
  - Dat la oswa dat yo ou te travay pou livre manje
  - Nimewo ID wout yo kote ou te livre manje (Ou ka jwenn sa sou resi ou an)
  - Nenpòt lòt enfòmasyon ou kwè ki enpòtan pou reklamasyon ou an

Apre ou soumèt reklamasyon ou, nou gendwa kontakte ou pou jwenn plis enfòmasyon tankou eskann oswa foto nenpòt resi wout ou gendwa genyen. Asire ou konsève resi orijinal wout ou yo.